

BAB X

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data anu aya dina bab opat ngeunaan modèl pangajaran *Role Playing* dina ngaronjatkeun kamampuh ngadongèng siswa kelas XI IPS SMA Kartika XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh ngadongèng siswa kelas XI IPS SMA Kartika XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014 samèmèh ngagunakeun modèl *Role Playing* masih kènèh kurang, bisa ditingali tina rata-ratana anu can nyumponan kana KKM nyaéta 75. Ditingali tina aspèk anu aya dina kamampuh ngadongèngna masih kènèh kurang di antarana dina ucapan jumlahna 46 rata-ratana ngan kahontal 3,06, dina lentong jumlahna 41 rata-ratana 2,7, dina rèngkak jeung pidangan jumlahna 43 rata-ratana 2,8, dina ngajiwaan eusi jumlahna 42 rata-ratana 2,8, dina pasemon jumlahna 41 rata-ratana 2,7. Kalayan peunteun rata-ratana 56,8.
- 2) Kamampuh ngadongèng siswa kelas XI IPS SMA Kartika XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014 sanggeus ngagunakeun modèl *Role Playing* ngaronjat ti nu kurang jadi sedeng sarta geus bisa nyumponan kana KKM. Ditingali tina ngaronjatna unggal aspèk anu aya dina kamampuh ngadongèng di antarana dina ucapan jumlahna 57 rata-ratana ngan kahontal 3,8, dina lentong jumlahna 54 rata-ratana 3,6, dina rèngkak jeung pidangan jumlahna 59 rata-ratana 3,9, dina ngajiwaan eusi jumlahna 52 rata-ratana 3,4, dina pasemon jumlahna 62 rata-ratana 4,1. Kalayan peunteun rata-ratana 75,2.
- 3) Tina hasil pratès jeung postès sarta hasil tina uji gain yèn modèl *Role Playing* tèh bisa ngaronjatkeun kana kamampuh ngadongèng siswa kelas XI IPS SMA Kartika XIX-3 Bandung taun ajaran 2013/2014. Ieu hal dibuktikeun tina hasil uji hipotèsis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nyaéta $36 > 2,46$ bisa dicindekkeun (H_1) ditarima (H_0) ditolak. Hartina modèl *Role Playing* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngadongèng.

5.2 Saran

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngadongèng ngagunakeun modèl pangajaran *Role Playing*, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun, ieu di handap.

- 1) Tina hasil panalungtikan modèl pangajaran *Role Playing* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngadongèng. Ku kituna ieu modèl bisa dijadikeun salasihiji aternatif pikeun guru dina pangajaran ngadongèng.
- 2) Modèl pangajaran *Role Playing* tètèla bisa dipikaresep ku siswa sabab bisa nyugemakeun kagiatan diajar-ngajar, ku kituna miboga peluang sangkan kagiatan diajar-ngajar bisa leuwih efektif.
- 3) Kudu aya panalungtikan sèjen anu leuwih lega.